

# Bay Asistans nan Zafè Enèji a Rezidan nan Eta Massachusetts ki Elijib sou Baz Salè yo

Gen anpil pwogram ki disponib pou ede rezidan ki elijib sou baz salè yo pou ede yo jere depans ki gen rapò ak enèji.



## ASISTANS POU GAZ

Pwogram Asistans pou Gaz la, oswa LIHEAP (Low Income Home Energy Assistance Program - Pwogram Asistans Enèji pou Fwaye ki Gen Ti Salè), ede w peye fakti chofaj prensipal lakay ou. Kit kay la se pou ou oswa se lwe ou lwe l, LIHEAP fè peman dirèk pou ou a sèvis chofaj ou a oswa distribitè gaz ou a. Sa gen ladan elektrisite, gaz natirèl, gaz pwopàn, kwozèn oswa bwa.

Pou w kalifye pou Asistans Pou Gaz la/LIHEAP, ou sipoze yon rezidan Massachusetts epi revni bri anyèl anvan yo retire taks ou a sipoze egal oswa mwens ke montan ki nan tablo anba yo.

Pou plis enfòmasyon sou LIHEAP, vizite [mass.gov/home-energy-assistance-programs](https://mass.gov/home-energy-assistance-programs) oswa rele **800-632-8175**

## MONTAN REVNI KI ELIJIB POU 2021 AN

KANTITE MOUN KI NAN FWAYE A	REVNI ANYÈL FWAYE A
1	jiska \$39,105
2	jiska \$51,137
3	jiska \$63,169
4	jiska \$75,301
5	jiska \$87,233
6	jiska \$99,265
7	jiska \$101,521
8	jiska \$103,777
9	jiska \$106,033

## RABÈ SOU APARÈY ELEKTRIK AK GAZ NATIRÈL

Tout sèvis gaz natirèl ak elektrik ke eta Massachusetts la règleman ofri yon to rabè a rezidan yo. Fwaye ki patisipe nan pwogram LIHEAP yo enskri otomatikman, men moun ki resevwa sa ki vin annapre yo elijib tou:

- Asistans Tanporè pou Fanmi ki Nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF)
- Èd an l'ans a Moun ki Granmoun, Andikape, ak Timoun (Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children, EAEDC)
- Pwogram Asistans Manje Anplis (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)/Tikè pou Manje (Food Stamps)
- MassHealth
- Pwogram Manje pou Fanm, Ti bebe, ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC)
- Lojman Piblik
- Lòt pwogram avantaj sou baz salè

**Pou w aplike a to rabè a, tanpri kontakte sèvis piblik lokal ou a atravè telefòn oswa atravè sit entènèt yo.**

## PLAN PEMAN AK PWOGRAM PADON YO

Sèvis piblik yo ap travay ak ou pou yo fè repatisyon peman sou pòsyon nan bil ki poko peye ou yo. Yo ofri tou yon pwogram padon kote yo kapab bliye balans ou te gen pou w te peye ki pase yo si w anmezi pou w fè yon bidjè kote w ap peye a tan. Pou w ka aplike, tanpri kontakte sèvis piblik ou a dirèkteman.

## Efikasite nan Zafè Enèji ak Pwoteksyon pou lè/dlo pa soti nan kay (Weatherization)

Esponnsò Mass Save® yo ofri yon Evalyasyon Enèji Adomisil gratis pou yo idantifye opòtinite pou w ekonomize enèji yon fason pou w ka redui bil piblik ou yo epi ekonomize lajan w. Anplis de sa, w ap resevwa anpoul LED ki pa boule anpil enèji, tèt douch ki pa pouse dlo ak fòs, ak wobinè ayere ke yo ap enstale pandan evalyasyon w lan.

Anplis, si aparèy ou genyen yo mache men yo pa efikas pou yo ekonomize enèji, ou kapab resevwa nouvo aparèy gratis, tankou:

- Refrijeratè
- Frizè
- Sistèm Chofaj, (oswa sistèm reparasyon)
- Machin a lave ki chaje pa devan
- Aparèy pou elimine imidite nan lè a
- È kondisyone
- Aparèy nan kay pou chofe dlo
- Tèmostat ki pwogramab

Gen lòt sèvis gratis ki ka gen ladan tou izolasyon pati anlè kay la (attic) ak mi yo, izolasyon pou lè frèt, ak travay pou bouche tout fuit lè nan kay la.

Sèvis sa yo disponib kit kay la se ak elektrisite, gaz natirèl, gaz, gaz pwopàn, kewozèn oswa bwa li sèvi. Sèvis sa yo disponib kit ou se yon pwopriyete, lokatè oswa yon moun ki lwe yon bilding ki gen yonn oswa 4 inite kote mwatye ladan yo pou pi piti gen lokatè ki kalifye sou baz salè yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan kòman pou w aplike pou sèvis sa, kontakte ajans Pwogram Aksyon Kominotè w la (Community Action Program, CAP). Pou w jwenn CAP ou a rele **866-537-7267** oswa vizite **MassSave.com/eligible**.

Moun k ap lwe bilding ki gen 5 oswa plis inite kote pou pi piti gen 50% okipan yo ki kalifye sou baz salè yo sipoze rele **617-348-6425** oswa aplike nan **leanmultifamily.org**.

### NOU SE MASS SAVE



EVERSOURCE



nationalgrid



## Lòt Èd ak Pwoteksyon

### PWOTEKSYON POU YO PA KOUPE SÈVIS PIBLIK YO

Sèvis gaz natirèl ak sèvis elektrisite yo pa p koupe pou sèvis chofaj apati 15 novanm jiska 15 mas, depi sèvis la pa t kanpe akòz move peman anvan 15 novanm.

Maladi grav - sèvis pou gaz natirèl ak elektrisite pa p koupe si nenpòt moun nan fwaye a (adilt oswa timoun) ta gen yon maladi ki grav. Nan ka sa w ap bezwen yon sètifika medikal ak yon fòm ki pwouve ke w ap viv yon moman finansye ki difisil pou w soumèt bay founisè sèvis la.

Timoun ki poko gen 12 mwa - sèvis pou gaz natirèl ak elektrisite pa p koupe si nenpòt moun nan fwaye a pa ta ko gen 12 lane. Nan ka sa w ap bezwen soumèt bay founisè sèvis la yon batistè ak yon fòm ki pwouve ke w ap viv yon moman finansye ki difisil.

Granmoun - sèvis pou gaz natirèl ak elektrisite pa p koupe san Pèmisyon Depatman Sèvis Sosyal si manm fwaye yo gen 65 lane oswa plis.

Kliyan Sèvis Piblik Minisipalite a - si sèvis elektrisite oswa sèvis pou gaz ou a se yon konpayi sèvis piblik minisipalite ki founi w li, vizite **uniHELPS.org** pou plis enfòmasyon sou òf ki gen rapò ak efikasite nan zafè enèji.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte sèvis gaz natirèl lokal ou a ak/oswa elektrisite ou a.

## Lòt Sous Pou Asistans nan Zafè Chofaj

Pwogram Manje nan Kad Ijans ak Chèlètè (Emergency Food and Shelter Program, EFSP), souvan se ajans lokal Èd nan zafè Gaz ki jere li, yo kapab anmezi pou yo ba w èd yon sèl fwa ak bil sèvis piblik ou yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite **efsp.unitedway.org**

Good Neighbor Energy Fund bay yon èd yon sèl fwa tou a moun k ap fè fas ak yon moman ki difisil men ki pa elijib sou baz salè yo pou asistans nan zafè gaz. Kontakte Salvation Army lokal ou a oswa rele **800-334-3047** (oswa **800-262-1320** ak kòd telefòn lokal la ki se 413) pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou Good Neighbor Energy Fund ak lòt èd. Ou kapab aprann plis tou sou **magoodneighbor.org**

Catholic Charities, United Way, vil ou a oswa chèflye ou a, ak lòt òganizasyon lokal yo kapab ede w tou. Konpoze 211 pou plis enfòmasyon sou lòt sèvis sosyal Massachusetts.

Pou w jwenn ajans lokal Pwogram Aksyon Kominotè ou a (Community Action Program, CAP), tanpri rele **866-537-7267** oswa vizite **MassSave.com/eligible**

